

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

M-DCPS ELIMINE PLIZYÈ SANTÈN EGZAMEN "FEN KOU"

Lekòl Leta Miami-Dade County elimine prèske tout 300 evalyasyon "District-Developed End-Of-Course (DDEOC)" (Fen Kou Distri Devlope) ki te orijinèlman pwograme pou prentan 2015. Yo pran desizyon an aprè pasaj lwa HB7069 la, yon lwa ki bay distri yo fleksibilite pou detèmine kijan pou mezire pwogrè elèv, ki eliminate egzijans eta a fè pou distri yo bay egzamen fen kou yo deziyen pou tout kou evalyasyon estandardize ki egziste yo pa mezire mezire atravè eta a.

Yo pran aksyon ki ap suiv yo:

- Nou pap administre okenn DDEOC nan nivo lekòl elemantè.
- Nou idantifye sèlman 10 sijè lekòl mwayen/segondè pou nou mete sou yon ti echèl egzamen esè.
- Nou pap itilize rezulta egzamen esè a pou 2014-15 la.
- Nou ap administre tout egzamen esè yo sou òdinatè nan itilize platfòm "Thinkgate" la.
- Li pa sanble yo pral chwazi plis pase 4 oubyen 5 klas nan kèlkeswa lekòl la.
- Nou ap avize direktè yo si yo chwazi klas nan lekòl yo a pou patisipe nan egzamen esè a.

Objektif egzamen esè a se pou detèmine pwopriyete sikometrik evalyasyon yo, pou administrasyon nan ane ki ap vini yo. Evalyasyon sa yo t ap asire yo livre kontni kou eta a etabli avèk konsistans atravè Distri a, e potansyèlman kòm yon mezi pou kontni espesifik akonplisman elèv, pou enfòme evalyasyon pwofesè yo.

Nou idantifye kou ki ap suiv yo kòm kou ki nan egzamen esè yo: M/J Syans Konpreyansif 1; M/J Syans Konpreyansif 2; Syans Fizik; Chimi 1; Fizik 1; M/J Istwa Etazini; M/J Istwa Lemond; Istwa Lemond; Espayòl 1; Espayòl 2

Nan gade pi devan, plan yo mande pou yo fè egzamen esè pou plizyè nouvo egzamen chak ane.

MIAMI KLASE # 1 NAN PWOFI SOU ENVESTISMAN NAN EDIKASYON, MEYÈ NAN PEYI A

Yon etid resan montre Miami, Florid gen pi gwo to nan pwofi sou envestisman nan edikasyon pami 90 pi gran vil nan Etazini. Se Wallet Hub, ki se yon sit Entènèt finansye nasional pou konsomatè ak pwopriyetè ti biznis ki te fè etid la. Depans edikasyon nan M-DCPS montre pi gwo efikasite pase lòt gran vil atravè Etazini, ki gen ladan New York, Los Angeles, ak Chicago, menmjan ak gran vil nan Florid ki gen ladan Tampa, St. Petersburg, Orlando, Jacksonville ak Fort Lauderdale.

Atravè yon seri re-òganizasyon, nou te redui plis pase 57 poustan nan kantite anplwaye nan biwo santral Distri a, avèk anpil edikatè ki te retounen al anseye nan salklas. Malgre rediksyon yo, Distri a te kontinye amelyore akademikman, e li te resevwa "Broad Prize" 2012 pou Edikasyon Iben, pi gwo prim edikasyon K-12 nan

peyi a, yo bay ti non Pri Nobèl Edikasyon e ki onore distri lekòl ki pi byen fèmen eka akonplisman pou elèv minorité.

Rezo a di nan yon deklarasyon, "WalletHub pran yon plezi espesyal pou li felisite Miami dèské yo nonmen li kòm Vil nan Etazini avèk Depans Edikasyon ki Pi Efikas. Miami monte nan tèt lis sa a sou 90 vil ki pi peple nan peyi a akoz konbinezon mwayèn nòt egzamen li ki wo e depans edikasyon ki ba pou chak elèv... Distri Lekòl Leta Miami-Dade County dekouvi klèman yon fòmil siksè pou adrese bezwen elèv yo nan yon fason ekonomik, e sètènman sa merite pou yo rekonèt e imite li atravè peyi a."

M-DCPS ap resevwa sètifikasi ekselans nan men Asosyasyon Ofisyè Finans Gouvènman an depi 29 ane e nan men Asosyasyon Ofisyèl Biznis Lekòl depi 30 ane. An 2012, "Council of the Great City Schools" (Konsèy Lekòl Gran Vil) te ofri distri lekòl la Prim dezirab pou Ekselans nan Jesyon Finansye.

MEDYA SOSYAL YO LA E Y AP RETE...SUIV NOU!

Milenè yo ap grandi avèk teknoloji nan pwent dwèt yo. Fason nou kominike evolye anpil nan dènye dis ane yo, e medya sosyal vin tounen youn nan fason ki pi fasil, pi rapid e pi komen pou pataje enfòmasyon. Kounye a elèv ka atenn yon ti gwoup moun oubyen yon gwoup moun ekstrèmman laj nan menm moman an sou Facebook, Twitter, Instagram, YouTube e lòt platfòm. Edike elèv nou yo, paran, edikatè ak manm nan kominote a sou byen ak mal medya sosyal trè enpòtan pandan nou ap konsidere rapidite vitès ekspansyon konektivite teknoloji ki pa chè, e ki pi rapid yo ofri. M-DCPS antèt peyi a nan teknoloji, dèské li te ofri aksè sou Entènèt sanfil nan tout lekòl kat ane devan mwayèn nasional la, e nou dwe kenbe menm vitès la nan enfòme kominote nou an sou benefis ak dezavantaj kalite aksè sa a gen ladan.

Nou kreye yon Komite Konsèy Elèv sou Medya Sosyal pou etabli yon dyalòg avèk lidè elèv ki soti nan divès lekòl atravè distri a, pou nou ka jwenn ide valab ak opinyon konsènan abitid elèv sou medya sosyal. Nan prentan sa a, M-DCPS te prezante yon Fowòm Jounalis sou Medya Sosyal, avèk yon panèl ekspè ki soti nan televizyon, edikasyon ak gouvènman. Atravè Akademi Paran an, paran yo gen opòtinite pou yo ale nan atelye pou aprann plis sou teknoloji ak Fanmi Modèn nan.

Nan M-DCPS, nou toujou aji davans nan apwòch nou, pandan n ap chèche konprann vrè sans aprantisaj 21yèm syèk la. Nou anbrase teknoloji e nou ankouraje elèv pote pwòp aparèy yo, men tou nou gen règ ak atant pou asire elèv nou yo ap sèvi ak teknoloji, ki gen ladan, rezo medya sosyal, pou amelyore eksperians aprantisaj yo.

POU 4YÈM ANE AFILE, M-DCPS DEPASE LÒT DISTRI YO POU PRIM MERIT LEKÒL MAGNET NASYONAL

"Magnet Schools of America (MSA)" (Lekòl Magnet ann Amerik) rekonèt trannkat lekòl Magnet nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pou angajman nan estanda akademik wo, inovasyon nan kourikoulòm, efò desegregasyon/divèsite ak siksè, pèsonèl ansèyman espesyalize, patisipasyon paran nan kominate a. Pou katriyèm ane youn aprè lòt, pèfòmans M-DCPS depase tout lòt lekòl nan distri yo.

Ane sa a, sis nan lekòl leta Miami-Dade te pamí 74 lekòl atravè Etazini ki resevwa prim merit dezirab pou Lekòl Magnet Ekselan. Nan kategori Lekòl Magnet ak Distenksyon, Distri a gen 28 lekòl pamí 134 gayan nasyonal.

Pou yon lis konplè tout pwogram magnet M-DCPS ofri, silvouplè vizite: yourchoicemiami.org/magnet-schools/

M-DCPS ONORE MEYÈ DIREKTÈ, ASISTAN DIREKTÈ POU ANE A

"Miami-Dade County Public Schools" (Lekòl Leta Miami-Dade County) onore meyè direktè ak asistan direktè li yo nan yon seremoni prim "Dade Association of School Administrators (DASA)" (Asosasyon Administratè Lekòl nan Dade) patwone, 2 avril nan Jungle Island. Guillermo Muñoz, ki te sèvi kòm direktè nan Lekòl Segondè Homestead, te genyen pi gwo onè a kòm Meyè Direktè Distri a pou Ane a.

Muñoz ap sèvi kòm direktè nan Lekòl Segondè Homestead depi 2013. Li pote plis pase 20 ane eksperyans nan administrasyon ak ekspètiz nan kourikoulòm. Li te kòmanse karyè li kòm yon pwofesè Matematik nan Lekòl Mwayen Kinloch Park an 1992. Yo te rekonèt Nicole Berge-Maclnnes, Lekòl Segondè Coral Reef, kòm Meyè Asistan Direktè pou Ane a. Berge-Maclnnes ap sèvi kòm yon Asistan Direktris nan Coral Reef depi 2011. Avan sa, li te sèvi kòm Asistan Direktè nan Lekòl Mwayen Glades.

Meyè Direktè pou Ane a resevwa \$3,000 e Meyè Asistan Direktè pou Ane a resevwa \$2,000. Se AXA-Equitable ak Wells Fargo ki te prensipal patwon pou prim kach yo. Gayan yo te resevwa tou pànye kado nan men patwon evènman an ki gen ladan: EdGenuity, Herff Jones, Teacher Created Materials, Valic, Bencor, Pearson, United Way, Jungle Island, South Florida Federal Credit Union, Nova Southeastern University ak Miami Seaquarium.

Nan seremoni an to ye rekonèt tou James V. Parker, Sant Edikasyonèl e Kolèj Teknik Miami Lakes, yo nonmen dezyèm Direktè pou Ane a ak Milagro Arango, Lekòl Segondè South Miami, yo nonmen dezyèm Asistan Direktè pou Ane a.

DAT POU NOU SONJE

- | | |
|---------|---|
| 25 me - | Fèt pou Onore Sòlda ki Mouri nan Sèvis (Memorial Day) |
| 4 jen - | Dènye Jou Lekòl |
| 5 jen - | Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon |

LEKÒL SOU ENTÈNÈT ATRAVÈ AKADEMI MIAMI-DADE SOU ENTÈNÈT

"Miami-Dade Online (MDO) Academy" (Akademi Miami-Dade sou Entènèt) se yon lekòl leta Miami-Dade County ki ofri elèv yon pwogram edikasyonèl konpreyansif Jadendanfan-12yèm ane eskolè sou Entènèt, aprantisaj nenpòt lè, nenpòt kote. Se yon anviwònman aprantisaj sou Entènèt entèraktif ki santré sou elèv e ki akademikman endividyalize pou devlope kapasite edikasyonèl.

Akademi MPO sèvi yon popilasyon elèv ki varye. Apwòch sa a ankoraje elèv pou dirije tèt yo e pran edikasyon yo anchaj. Akademi MPO itilize teknoloji pou ofri aprantisaj nan nivo maksimòm e finalman responsabilize elèv yo pou fè yon efè pozitif sou mond yo a e pou yo tounen sitwayen ki responsab.

Yo fòme paran yo pou yo edike elèv yo nan patenarya avèk pwofesè elèv la e fòme yo pou yo suiv pwogrè elèv yo. Elèv resevwa edikasyon nan men moun ki gen plis enflyans sou lavi yo: paran yo.

Pou w ka wè kritè pou elijibilite pou Akademi MPO oubyen pou aplike pou enskripsyon, silvouplè vizite <http://mdo.dadeschools.net>.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

13 me	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye ((Dènye Lekti - Zòn Prezans pou 2015-2016)
17 jen	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
15 jiyè	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
29 jiyè	6:00 diswa	Premye Odyans sou Bidjè Piblik e Adopsyon Pwovizwa Taks sou Pwopriyete ak Bidjè Anyèl 2015-2016
5 out	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmann Doktè Dorothy Bendross-Mindingall Susie V. Castillo Doktè Wilbert "Tee" Holloway Doktè Martin Karp Lubby Navarro Doktè Marta Pérez Raquel A. Regalado Alberto M. Carvalho Sipèntandan Lekòl yo

Julian Lafaurie
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a
Daisy Gonzalez-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon

